



OFFICE OF SAFE ENVIRONMENTS

FASON POU NOU RAPOTE ALEGASYON ABI SEKSYÈI SOU MINÈ AK ADILT VILNERAB

Yon moun ki resevwa yon akizasyon abi seksyèl sou yon minè oswa yon adilt vilnerab pa Pèsonèl Legliz la dwe rapòte akizasyon an imedyatman. Règleman nou an egzije pou prèt yo rapòte akizasyon ki fèt nan yon kontèks konsèy espirityèl, menm si lalwa egzante ministè yo de obligasyon pou rapòte sa. Sèl eksepsyon nan sa a, se konfidansyalite konfesyon an. Depi davans, swadizan viktim yo ak/oswa fanmi yo ta dwe enfòmè sou egzijans sa a.

- ETAP 1: Moun ki resevwa yon akizasyon fè yon rapò imedyatman bay DCF swa pa telefòn oswa sou entènèt. Pou fè yon rapò pa telefòn, rele 1-800-96ABUSE (1-800-962-2873) epi kenbe nòt sou rapò a ki gen ladan non, dat, ak lè tout apèl telefòn ki te fèt yo. Pou rapòte sou entènèt, soumèt yon rapò alekri atravè Portal Rapò DCF la nan <https://reportabuse.myflfamilies.com/s/>.
- ETAP 2: Moun ki resevwa akizasyon an fè yon rapò oral bay Kowòdinatè Asistans pou Viktim la nan 561-775-9558 ki rapòte l bay Evèk la ak Avoka Dyosèz la.
- ETAP 3: Avoka Dyosèz la rapòte akizasyon yo bay avoka leta a, jan sa apwopriye.
- ETAP 4: Moun ki resevwa akizasyon an enfòmè direktè lekòl la, kire a oswa otorite imedya ki apwopriye a.



9995 N. Military Trail • P. O. Box 109650 • Palm Beach Gardens, FL 33410-9650
Office: 561-775-9500 Fax: 561-626-6949 • www.diocesepb.org/safe-environments

(Revised Apr 2026)